



OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS Help Center

Enfòmasyon itil pou koupe cheve, salon kwafè, ak salon kwafè

Vyolasyon Komen Pou Konnen:

- **Si w pa afiche yon règleman ranbousman** - Biznis yo ta dwe afiche règleman ranbousman yo nan chak kesye, nan pwen vant lan, oswa nan chak antre. Menm si règleman an se pou pa bay ranbousman, fòk gen yon pankat ki di "Pa gen ranbousman." Amann posib pou moun ki pa mete yo konfòm se ant \$50 ak \$500. Lalwa: [Règleman Vil Nouyòk yo: Tit 6 §5-37](#).
- **Echèk Pou Make Pri Pou Pwodwi Yo Klèman** - Atik yo ofri pou vann yo dwe gen yon pri ki vizib klèman. Pou pifò atik, pri a dwe tache sou atik la oubyen sou yon afich kote atik la ekspoze. Amann posib pou moun ki pa mete yo konfòm se \$25- \$250. Lalwa: [Kòd Administratif NYC §20-708](#).
- **Si ou pa Reyisi Bay yon Resi** - Yo dwe bay kliyan yo resi pou acha plis pase \$20 epi sou demann pou acha ant \$5 ak \$20. Amann posib pou moun ki pa mete yo konfòm se ant \$50 ak \$500. Lalwa: [Règleman Vil Nouyòk yo: Tit 6 §5-32\(c\)](#).
- **Si w pa afiche yon lis pri ki gen tip ak pri sèvis yo** - Fòk ou afiche yon lis pri ki gen tip sèvis yo ak pri sèvis sa yo. Lis pri a dwe afiche byen klè oswa montre byen klè toupre kès la ak/oswa nan kote yo pase kòmand yo. Si lis pri a endike yon pri minimòm (pa egzanzp, "apati \$...") oswa si lis pri a endike yon pri "e jiska", li dwe endike rezon ki fè pri yo diferan epi li dwe enkli seri pri yo. Amann posib pou moun ki pa mete yo konfòm se ant \$50 ak \$500. Lalwa: [Règleman Vil Nouyòk yo: Tit 6 §5-70\(a\)](#).
- **Si ou pa gen yon pèmi valab pou eksplwate yon salon kwafè dapre lalwa vil Nouyòk ak eta Nouyòk la** - Ni vil Nouyòk ni eta Nouyòk la egzije pou ou gen yon pèmi valid ak an vigè pou eksplwate yon salon kwafè nan vil Nouyòk. Amann posib pou non konfòmite: \$200-2000. Lalwa: [Règleman Vil Nouyòk §163.03](#), [NYCHC §5.04\(a\)](#), [NYCHC §3.11\(b\)](#), [NYS GBL, Chapit 28 §432](#).
 - Demann pèmi nan Vil Nouyòk la ap disponib nan: <https://www.nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/sbs/314c-standard-form.pdf>
 - Si ou bezwen renouvle pèmi NYC ou a, ou PA P kapab fè sa si ou gen amann pou peye. Pou peye amann ou yo anliy, konsilte: <https://www.nyc.gov/site/finance/pay-now/pay.page>

Patisipasyon Konplètman nan Odyans OATH ou an:

- **Anglè se pa premye lang mwen. Èske mwen kapab jwenn yon entèprèt nan odyans lan?** Wi. Sèvis tradiksyon gratis ap disponib nan tout odyans OATH yo.
- **Èske mwen kapab pote yon temwen nan odyans mwen an?** Wi, depi Ofisyè Odyans lan pèmèt sa.
- **Ki prèv mwen kapab pote?** Ou kapab prezante NENPÒT prèv ou panse k ap ede ou ak dosye ou an. Sa gen ladan l foto, deklarasyon siyen nan moun ki pa t prezan nan odyans lan, ak videyo. Ofisyè Odyans lan ap decide si prèv yo enpòtan pou akizasyon yo osinon non.
- **Èske yon moun ka ede m konprann konvokasyon mwen te resevwa a(yo)?** Wi, OATH gen yon Sant Asistans ki gen Kowòdonatè Jistis Pwosediral ki ka ede eksplike akizasyon yo, pwosedi odyans lan, santans potansyèl yo, kijan pou korije nenpòt vyolasyon, ak plis ankò!

- **Kisa mwen kapab fè si mwen pa dakò avèk desizyon Ofisye Odyans lan?** Lè youn nan pati yo patisipe nan yon odyans OATH epi li pa dakò ak desizyon Ofisye Odyans lan, pati ki pa satisfè a gen dwa depoze yon apèl nan Inite Apèl OATH la. Inite Apèl OATH la ap detèmine si desizyon Ofisye Odyans lan te gen erè lalwa oswa erè de reyalite, si li te baze sou dosye a, epi si santans yo enpoze yo sipòte pa lalwa.

Si ou Bezwen Plis Èd, Tanpri Kontakte OATH Help Center An Pèsòn Nan Nenpòt Lokal OATH, depi nan Lendi rive nan Vandredi, Apati de 8 AM pou 5 PM, Pa Telefòn Nan (212) 436-0845, Oswa Pa Imèl Nan Smallbizhelp@oath.nyc.gov.

Bronx

260 E.161st Street, 6th FL
Bronx, NY 10451

Brooklyn

9 Bond Street, 7th FL
Brooklyn, NY 11201

Manhattan

66 John Street, 10th FL
New York, NY 10038

Queens

31-00 47th Avenue, 3rd FL
Long Island City, NY 11101

Staten Island

350 St. Marks Place, Main FL
Staten Island, NY 10301